



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat: 22 me 2013**

**GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE INISYATIV DEVLOPMAN EKONOMIK ENPÒTAN POU FÈ KOMINOTE  
INIVÈSITÈ YO TOUNEN LEMAN POU NOUVO BIZNIS AK ENVESTISMAN**

***Dapre Tax-Free NY, Nenpòt Nouvo Biznis Pral Kapab Fonksyone san Peye Taks sou yon Kanpis SUNY  
pandan Dis Lane***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye jodi a “Tax-Free NY,” yon inisyativ kap chanje jwèt la ki pral fè kanpis SUNY ak kominote inivèsitè atravè eta a tounen kominote ki pa peye taks kap atire lansman, kapital-risk, nouvo biznis, ak investisman nan lemonn.

Tax-Free NY pral ankouraje konpayi mennen antrepriz yo nan Upstate New York ak grasa opòtinite lap ofri nouvo biznis pou yo fonksyone san taks nèt – san bliye okenn taks sou salè pou anplwaye, okenn taks sou vant, pwopriyete ouben biznis - pandan y ap fè patenarya ak enstitisyon edikasyon sipèryè nivo mondyal nan rezo SUNY an.

“Pandan de ane ki sot pase yo nou te bese taks klas mwayèn nan pi ba to sou swasantan, bese taks pou ti biznis, pandan n ap investi anmenmtan nan edikasyon sipèryè nan yon manyè nou pa konn wè anvan, “ te deklare Gouvènè Cuomo. “Avèk choma ki nan pi ba nivo li depi plizyè ane ak plis djòb sektè prive nan New York pase anvan, n ap kòmanse wè rezilta efò nou yo. Tax-Free NY pral dinamize efò nou yo pou devlope ekonomi nou an grasa transfòmasyon lokalite nan upstate New York kap tounen kominote san taks vityèl pou nouvo biznis ak nouvo djòb. Selon Tax-Free NY, kominote nan Upstate pral tounen yon leman pou nouvo biznis, nouvo demaraj, nouvo kapital-risk, ak nouvo djòb, kap mennen efò nou yo pou devlopman ekonomik ak kreyasyon djòb nan yon nivo yo pat janm wè anvan.”

Prezidan pwovizwa Sena Eta New York Dean G. Skelos te di konsa, “Bagay pi enpòtan nou ka fè se bay plis djòb pou Nouyòkè pou yo kapab okipe fanmi yo. Inisyativ sa gen kapasite pou fè New York vin pi konpetitif sou plan ekonomik, ede nou atire biznis ki nan lòt eta epi devlope ekonomi nou an pou lavni. Solisyon an pou anpil enkyetid nou genyen jodia se nesite pou gen plis djòb, epi mwen kwè nou dwe pase rès seyans lejislatif la ap travay pou bese taks pou diminye kou pou fè biznis pou nou ka ranfòse sektè piblik la ak kreye djòb.”

Haitian Creole

Kolidè Kowalisyon Majorite Sena a, Jeffrey D. Klein te di konsa, “Pou nou fè konkirans nan mache mondyal ipèkonpetitif jounen jodi a, nou bezwen devlope san rete ide odasye ak kreyatif pou atire konpayi ki pi bon ak pi rapid kap grandi yo. Zòn san taks se pwochen etap efò sa. Zòn sa yo gen kapasite pou bay djòb ak asansyon pou plizyè milye Nouyòkè ki pap travay ouben pa byen peye pandan n ap konstwi yon fiti ekonomik pi bèl pou kominote atravè eta nou an.”

Pòtpawòl Sheldon Silver te di konsa, “Klòlèj, inivèsite, ak kolèj kominotè nou yo se pi gwo avantaj konpetitif New York epi dwe reprezante motè ki stimile efò kreyasyon djòb nou yo. Atravè Pwogram Tax Free New York la, nou pral transfòme kanpis ak tè vid pou yo tounen nouvo djòb ak tout opòtinite asosye yo ki pral fleri toutotou domèn aktivite ekonomik. Grasa itilizasyon College of Nanoscale Science and Engineering mondyal la kòm modèl, pwogram sa pral amelyore misyon akademik kolèj ak inivèsite nou yo, asire diplome lokal yo ka jwenn opòtinite kap byen peye yo lakay yo, epi fè pwomosyon avansman teknoloji kap parèt.”

Rektè SUNY, Nancy Zimpher, te di konsa, “Gouvènè te di anpil fwa SUNY se motè ekonomik pou New York, epi nouvo zòn san taks sa yo pral ogmante kapasite konpis la pou l inove, kreye djòb, epi atire nouvo konpayi atravè patenarya piblik prive. Mwen vle remèsye gouvènè a pou sipò li bay SUNY ak poutèt lap kontinye leve ba a wo pou edikasyon siperyè nan Eta .”

Tax-Free NY gen ladan l:

- **Kominote san Taks:** Tout kanpis SUNY ki andeyò Vil New York eak kolèj prive ki deziyen yo nan nò Westchester pral san taks (okenn taks sou vant, pwopryete, ouben biznis/antrepriz). Jiska 200.000 pye kare toutotou kanpis la pral rantre nan kominote san taks la.
- **Enplwaye egzante Taks sou Salè:** Anplwaye biznis kap ouvri nan kominote Tax-Free NY pap peye taks sou salè.
- **3 Milyon Pye Kare nan Espas Komèsyal nan Inivèsite Prive:** Nan kad Tax-Free NY, 3 milyon pye kare nan espas komèsyal pral disponib nan inivèsite prive New York ak ven atou stratejik eta a pral deklare tou san taks.
- **Biznis ki kalifye pou Tax-Free NY:** Biznis ki kalifye se konpayi ki gen yon relasyon ak misyon akademik inivèsite a ak konpayi kap kreye nouvo djòb, san bliye nouvo biznis, biznis ki pa nan eta a ki relocalize nan New York epi biznis ki egziste eki pwolonje operasyon New York yo pandan yap konsève djòb ki egziste deja yo.

64 kanpis SUNY yo sitiye nan tout kwen Eta New York, epi pi fò Nouyòkè abite tou pre yon kanpis SUNY:

- 93% Nouyòkè ap viv nan yon distans 15 mil ak yon kanpis SUNY
- 97% Nouyòkè ap viv nan yon distans 20 mil ak yon kanpis SUNY
- 100% Nouyòkè ap viv nan yon distans 30 mil ak yon kanpis SUNY

Pou jwenn yon kanpis SUNY toupre, vizite sitwèb transparans New York nan [Open.ny.gov](https://open.ny.gov):

Kat kanpis: <https://data.ny.gov/d/cfb3-a8v8>

Ansanm done: <https://data.ny.gov/d/3cij-nwhw>

Tax-Free NY ap pouswiv travay Gouvènè a pou defèt repitasyon Eta New York kòm “kapital taks” nasyon an. Depi lè li te pran fonksyon, Gouvènè a te bese taks klas mwayèn nan nivo ki pi ba sou 60 tan, te vote premye plafon taks sou pwopriyete eta a, te elimine ouben diminye anpil taks sou pewòl MTA a pou prèske 300.000 ti biznis, epi te bay fanmi klas mwayèn ki gen yon timoun kredi enpo.

Depi lè li te pran fonksyon, Gouvènè a te fokis sou devlopman ekonomik New York, sitou nan Upstate NY, kote plizyè dizèn ane deklèn ak dekasans ki te gen konsekans nefas. Nan diskou sou Sityasyon Eta a, Gouvènè a pwolonje ajanda ekonomik li ak yon fokis ou inovasyon. Apati siksè Regional Economic Development Councils ak NY SUNY2020, Gouvènè a te lanse Innovations Hot Spots Program yo epi te kreye yon fon \$50 milyon Kapital Risk pou ede komèsyalize inovasyon teknolojik yo ki pran nesans nan enstitisyon rechèch koni entènasyonalman Eta New York.

Tax-Free NY pral replike siksè College of Nanoscale Science and Engineering (CNSE) nan Capital Region an. Grasa patenarya ak Inivèsite nan Albany ak nan Eta a, CNSE te devlope pou l vini pa sèlman yon kolèj rechèch pou teknoloji nanomèt, li atire tou plizyè milya dola nan investisman sektè prive, transfòme Capital Region an an episan entènasyonal endistri nano komèsyal. Kopye sou siksè sa, Tax-Free NY pral stimile lansman potansyèl pou pote nouvo antrepriz komèsyal yo isit nan Upstate New York, kote yo pral benefisye resous ki ofri grasa patenarya ak enstitisyon edikasyon siperyè ak tou kapasite pou biznis pa peye taks ditou pandan dizan.

###

W ap jwenn lòt nouvel nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418